

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan

Ieu panalungtikan mangrupa hiji panalungtikan tindakan kelas (PTK). PTK téh asalna tina istilah basa Inggris *Classroom Action Research* (CAR), nyaéta panalungtikan perkara tindakan nu dilakukeun di hiji kelas pikeun mikanyaho hasil tindakan nu diterapkeun ka objék panalungtikan di éta kelas. Sacara leuwih lega, PTK mibanda harti salaku panalungtikan nu tujulna kana nerapkeun hiji tindakan kalawan tujuan pikeun ngaronjatkeun kualitas pangajaran atawa ngungkulan masalah nu disanghareupan ku subjék panalungtikan tur niténan hasil atawa akibat tina tindakan nu dilakukeun. Hasil nitenan téh jadi dadasar pikeun ngayakeun tindakan satuluyna nu sipatna nyampurnakeun atawa nyaluyukeun nepi ka kahontal hasil nu leuwih hadé.

3.2 Séting Panalungtikan

3.2.1 Lokasi Panalungtikan

Ieu panalungtikan tindakan kelas dilaksanakeun di SMA Kartika XIX-2 Kota Bandung. SMA Kartika XIX-2 Kota Bandung mangrupa sakola nu dikelola ku Yayasan Kartika Jaya Cabang XIX Siliwangi. Lokasi sakolana di Jalan Pak Gatot Raya 73S KPAD, Kacamatan Sukasari, Kota Bandung. Sedengkeun lokasi yayasanna mah di Jalan Sumbawa Nomer 32, Kota Bandung. SMA Kartika XIX-2 Kota Bandung mimiti diadegkeun taun 1979. Kiwari dipingpin ku kapala sakola Dra. Hj. Mardiana Sofianingsih.

3.2.2 Subyéék Panalungtikan

Subyéék dina ieu panalungtikan tindakan kelas nyaéta 30 (tilu puluh) urang siswa kelas X-2. Ngaliwatan hiji panalungtikan tindakan kelas, masalah nu

Iyan Sandiana, 2013

MODÉL PANGAJARAN KOOPERATIF TIPE THINK PAIR AND SHARE DINA PANGAJARAN SAWALA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu


disanghareupan ku siswa dina pangajaran sawala téh ditarékahan diungkulan ku cara ngayakeun tindakan pangajaran sawala ngagunakeun model pangajaran kooperatif tipe *think pair and share*.

3.2.3 Waktu Panalungtikan

Pangajaran sawala di Kelas X-2 SMA Kartika XIX-2 Kota Bandung ngagunakeun Modél Pangajaran Kooperatif Tipe *Think Pair and Share* dilaksanakeun dina dua siklus Panalungtikan Tindakan Kelas. Siklus I dilaksanakeun dina poé Kemis, 22 Agustus 2013. Sangkan teu nimbulkeun rasa jenuh jeung sangkan diskusi bisa fokus, tindakan dina siklus II dilaksanakeun saminggu sabadana siklus I, nyaéta dina poé Kemis, 29 Agustus 2013.

3.3 Rarancang Tindakan

Désain panalungtikan nu dilakukeun diadaptasi tina model panalungtikan tindakan kelas nu ditétélakeun ku Arikunto (2010). Sacara gurat badag, aya opat tahap nu dilakonan dina ieu panalungtikan tindakan kelas, nyaéta (1) rarancang; (2) prak-prakan; (3) paniténan; jeung (4) réfléksi. Éta tahapan dilaksanakeun dina runtuyan kagiatan nu disebut siklus sakumaha bagan ieu di handap.



Bagan 3.1: Siklus PTK (Arikunto, 2010)

Dumasar bagan 3.1 di luhur, ieu panalungtikan kelas ngawengku dua siklus nu silipakait. Sanajan dirarancang ukur dua siklus, teu nutup kamungkinan dina prakna mah siklusna nambahan dumasar jeung kabutuhan atawa hasil dua siklus saméméhna. Unggal siklus ngawengku tahap rarancang, prak-prakan, niténan, jeung réfléksi. Siklus kahiji pakait jeung siklus kadua dumasar kan hasil réfléksi.

3.4 Prosédur Panalungtikan

Ieu panalungtikan tindakan kelas dilaksanakeun dina sawatara tahap. Éta tahap-tahap téh ngawengku idéntifikasi masalah pangajaran sawala di SMA, Iyan Sandiana, 2013
 MODÉL PANGAJARAN KOOPERATIF TIPE THINK PAIR AND SHARE DINA PANGAJARAN SAWALA
 Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngararancang tindakan, prakna tindakan, observasi, jeung réfléksi sakumaha ditétélakeun ieu di handap.

1. Idéntifikasi Masalah Pangajaran Sawala di SMA

Dina ieu tahap, diidéntifikasi masalah nu nyampak dina pangajaran sawala. Panalungtik ngalaksanakeun observasi langsung ka SMA Kartika XIX-2 Kota Bandung. Ari target observasina ngawengku matéri, métode, jeung media pembelajarn nu dipaké, peran guru, sarta évaluasi nu dilaksanakeun nalika pangajaran sawala lumangsung.

2. Ngararancang Tindakan

Sabada masalah nu disanghareupan dina pangajaran sawala di SMA Kartika XIX-2 Kota Bandung kaidéntifikasi, tahap saterusna nyaéta ngararancang tindakan pikeun ngungkulan éta pasualan. Tahap kagiatan nu dilakeukeunana ngawengku: (1) netepkeun fokus masalah, nyaéta ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nepikeun sawangan dina pangajaran sawala kalawan ngagunakeun model pangajaran kooperatif tipe *think pair and share*; (2) netepkeun kelas nu digunakeun salaku objék panalungtikan, nyaéta kelas X-2 nu siswana 30 (tilu puluh) urang; (3) nyusun program pangajaran sawala kalawan ngagunakeun model pangajaran kooperatif tipe *think pair and share*; (4) nyusun padoman observasi jeung tes; jeung (5) ngayakeun simulasi pangajaran sawala kalawan ngagunakeun model pangajaran kooperatif tipe *think pair and share*.

Kompetensi dasar nu dimekarkeun dina ieu panalungtikan nyaéta sawala kelompok. Alesan dipilihna éta kompetensi dasar téh nyaéta 1) panalungtikan dilaksanakeun dina semester 1, nepi ka teu ngaganggu alokasi waktu nu geus dirarancang ku guru; 2) materi nyarita mangrupa matéri nu dianggap hésé, nepi ka perlu ngagunakeun stratégi nu pas; 3) nyarita ngagunakeun basa Sunda kalawan hadé mangrupa salasahiji kompetensi nu kudu dipibanda ku siswa sabab patali jeung

fungsi dina kagiatan komunikasi dina kahirupan sapopoé, nepi ka pangabutuh kacangkingna éta kaparigelan kaitung penting.

Sangkan leuwih jéntré, standar kompetensi jeung kompetensi dasar nu dimekarkeun dina ieu panalungtikan bisa dititénan dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.1
Standar Kompetensi, Kompetensi Dasar, jeung Materi
nu Dimekarkeun

Standar Kompetensi	Kompeténsi Dasar	Matéri
10.2 <i>Mampu berbicara untuk mengungkapkan pikiran, perasaan dan keinginan dalam menceritakan pengalaman, berpidato, bercerita, bercakap-cakap dan berdiskusi kelompok</i>	10.2.5 <i>Berdiskusi kelompok</i>	<i>Diskusi</i>

3. Tahapan PTK

Ieu panalungtikan tindakan kelas dilaksanakeun dina dua siklus. Prak-prakan éta dua siklus téh bisa dititénan ieu di handap.

1) Siklus I

Kagiatan dina siklus I ngawengku:

1. Rarancang Tindakan

- 1) Nyusun rencana pelaksanaan pangajaran (RPP) jeung alat évaluasi nu diluyukeun jeung model pangajaran kooperatif tipe *think pair and share*;
- 2) Nyusun padoman évaluasi diri siswa, padoman jeung lambar observasi kagiatan pangajaran sawala ngagunakeun jeung model pangajaran kooperatif tipe *think pair and share*.

Iyan Sandiana, 2013

MODÉL PANGAJARAN KOOPERATIF TIPE THINK PAIR AND SHARE DINA PANGAJARAN SAWALA
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

2. Pelaksanaan Tindakan

Ngalaksanakeun tindakan pangajaran kahiji luyu jeung rarancang dina RPP. Dina ieu tahap, Model Pangajaran Kooperatif Tipe *Think Pair and Share* dikenalkeun sangkan siswa ngarti kana prosédurna.

3. Pengamatan

Salila prosés pangajaran, dilaksanakeun observasi ku guru liana pikeun niténan aktivitas guru (panalungtik) jeung siswa. Dina ieu tahap, nu niténan (*observer*) ngalakukeun kagiatan niténan prak-prakan prosés pangajaran, aktivitas guru, jeung aktivitas siswa. Tujuanana pikeun nyangking data jeung bukti hasil tindakan nu dilakukeun. Éta data tuluy diévaluasi pikeun dijadikeun dasar dina tahap réfléksi.

4. Réfléksi

Kagiatan réfléksi dilakukeun dumasar hasil observasi, évaluasi hasil pangajaran, jeung évaluasi diri siswa. Salian ti éta, koméntar ti siswa perkara kalumangsungan pangajaran ogé dijadikeun bahan réfléksi. Hasil réfléksi téh dijadikeun bahan pikeun ngoméan jeung ngaronjatkeun prak-prakan tindakan dina siklus II.

2) Siklus II

Kagiatan dina siklus II ngawengku:

1. Rarancang Tindakan

- 1) Nyusun rencana pelaksanaan pangajaran (RPP) jeung alat évaluasi nu diluyukeun jeung model pangajaran kooperatif tipe *think pair and share* dumasar hasil réfléksi siklus I;
- 2) Nyusun padoman évaluasi diri siswa, padoman jeung lambar observasi kagiatan pangajaran sawala ngagunakeun jeung model pangajaran kooperatif tipe *think pair and share* dumasar hasil réfléksi siklus I.

2. Pelaksanaan Tindakan

Ngalaksanakeun tindakan pangajaran kadua luyu jeung rarancang dina RPP katut hasil réfléksi siklus I. Dina ieu tahap, Model Pangajaran Kooperatif Tipe *Think Pair and Share* dimodifikasi prosédurna.

3. Pengamatan

Salila prosés pangajaran, dilaksanakeun observasi ku guru liana pikeun niténan aktivitas guru (panalungtik) jeung siswa. Dina ieu tahap, nu niténan (*observer*) ngalakukeun kagiatan niténan prak-prakan prosés pangajaran, aktivitas guru, jeung aktivitas siswa. Tujuanana pikeun nyangking data jeung bukti hasil tindakan nu dilakukeun. Éta data tuluy diévaluasi pikeun dijadikeun dasar dina tahap réfléksi.

4. Réfléksi

Kagiatan réfléksi dilakukeun dumasar hasil observasi, évaluasi hasil pangajaran, jeung évaluasi diri siswa. Salian ti éta, koméntar ti siswa perkara kalumangsungan pangajaran ogé dijadikeun bahan réfléksi. Dina ieu tahap, naon hal anu kacangking salila tahap prak-prakan tindakan jeung observasi téh diévaluasi. Sabada tindakan dilakukeun, observer ngalakukeun diskusi jeung panalungtik perkara impléméntasi rarancang tindakan. Dina ieu tahap baris kapaluruh hal-hal nu katitén geus nyugemakeun jeung nu kudu dioméan. Éta hal dieuyeuban ku saran jeung sawangan ti panalungtik, guru, jeung observer ngeunaan hal-hal naon nu kudu dioméan sangkan hasil panalungtikan leuwih hadé.

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Data dina ieu panalungtikan tindakan kelas dikumpulkeun ngagunakeun téhnik tés jeung observasi, sakumaha ditétélakeun ieu di handap.

1) Tés

Dina ieu panalungtikan tindakan kelas, tés nu dilakukeun mangrupa tés awal jeung tés ahir. Éta tés dilaksanakeun pikeun ngukur kamampuh siswa kelas X-2 SMA

Kartika XIX-2 Kota Bandung dina nepikeun sawangan dina pangajaran sawala. Tés awal dilakukeun saméméh pangajaran ngagunakeun Model Pangajaran Kooperatif tipe *Think Pair and Share* dina prapanalungtikan. Ari tés ahir dilakukeun sabada pangajaran ngagunakeun Model Pangajaran Kooperatif tipe *Think Pair and Share*.

2) Observasi

Observasi mangrupa téhnik ngumpulkeun data nu dilakukeun ku cara niténan sacara langsung kagiatan-kagiatan nu dilaksanakeun. Ieu téhnik digunakeun sangkan panalungtik kenal jeung paham sacara gembleng (kompréhensif) kana subyék nu ditalungtikna ngaliwatan prosés niténan langsung. Dina ieu panalungtikan tindakan kelas, panalungtik niténan sacara langsung kagiatan pangajaran sawala ngagunakeun Modél Pangajaran Kooperatif tipe *Think Pair and Share*, nepi ka kacangking gambaran ngeunaan kumaha prak-prakanana éta modél pangajaran jeung kumaha hasilna.

Observasi nu dilakukeun ku panalungtik dina ieu panalungtikan tindakan kelas utamana pikeun niténan:

- 1) kagiatan guru SMA Kartika XIX-2 Kota Bandung dina prosés pangajaran sawala ngagunakeun Modél Pangajaran Kooperatif tipe *Think Pair and Share*;
- 2) kagiatan siswa kelas X-2 SMA Kartika XIX-2 Kota Bandung dina prosés pangajaran sawala ngagunakeun Modél Pangajaran Kooperatif tipe *Think Pair and Share*;
- 3) persiapan, prak-prakan, panitén, jeung hasil réfléksi dina siklus I jeung II pangajaran sawala ngagunakeun Model Pangajaran Kooperatif tipe *Think Pair and Share* di kelas X-2 SMA Kartika XIX-2 Kota Bandung;
- 4) kamampuh siswa kelas X-2 SMA Kartika XIX-2 Kota Bandung dina nepikeun sawangan dina pangajaran sawala sabada ngagunakeun Model Pangajaran Kooperatif tipe *Think Pair and Share* dina siklus I jeung II;

3.6 Instrumén Panalungtikan

Data nu diperlukeun dina ieu panalungtikan tindakan kelas nyaéta kamampuh siswa kelas X-A SMA Kartika XIX-2 Kota Bandung dina pangajaran sawala saméméh jeung sabada ngagunakeun Model Pangajaran Kooperatif tipe *Think Pair and Share*. Luyu jeung téhnik panalungtikan, sangkan éta data kacangking digunakeun instrument nu mangrupa lembar penilaian tés jeung lembar observasi.

1) Lembar Penilaian Tes

Lembar penilaian tés nu digunakeun dina ieu panalungtikan tindakan kelas nagunakeun métode skor. Panalungtik mere niléy ku cara ngeusian skor dina kolom niléy dumasar skala 1-5, pikeun aspék kognitif, aféktif, jeung psikomotor nu formatna sakumaha ieu di handap.

1) Penilaian Kognitif

No.	Ngaran Siswa	Aspek Nu Diniléy			
		Eusi	Organisasi	Diksi	Adegan

1. Skala skor 1-5

2. Niléy Maksimal : $5 \times 4 = 20$

3. Niléy Kognitif = $\frac{\text{Niléy Tercapai}}{\text{Niléy Maksimal}} \times 10$

2) Penilaian Afektif

No.	Ngaran Siswa	Aspek Sikep						
		a	b	c	d	e	f	g

Keterangan :
 a = Tekun
 b = Perhatian
 c = Disiplin
 d = Mikir Kreatif
 e = Rukun Gawé
 f = Ngahargaan Sawangan Siswa Lianna
 g = Nepikeun Sawangan Sorangan

Skala Sikep :
 1 = Kurang Pisan
 2 = Kurang
 3 = Cukup
 4 = Hadé
 5 = Hadé Pisan

Niléy Maksimal : $7 \times 5 = 35$

Niléy Afektif : $\frac{\text{Niléy Tercapai}}{\text{Niléy Maksimal}} \times 10$

5) Penilaian Psikomotor

No.	Ngaran Siswa	Niléy		
		1	2	3

Keterangan:

- 1 = siswa aktif nanya
- 2 = siswa aktif ngajawab
- 3 = siswa aktif dina ngamunculkeun ide/gagasan

Skala Niléy 1-5

Niléy Maksimal : $5 \times 3 = 15$

Niléy Psikomotor : $\frac{\text{Niléy Tercapai}}{\text{Niléy Maksimal}} \times 10$

6) Total Niléy

Total niléy nu dicangking ku unggal siswa disusun kalawan ngagunakeun rumus:

Iyan Sandiana, 2013

MODÉL PANGAJARAN KOOPERATIF TIPE THINK PAIR AND SHARE DINA PANGAJARAN SAWALA
 Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

$$TN = NK + N Af + NP$$

Keterangan: TN = Total Niléy
 NK = Niléy Kognitif
 N Af = Niléy Aféktif
 NP = Niléy Psikomotor

Perséntaseu data digunakeun pikeun niténan gedé-leutikna frékuénsi jawaban nu diitung kalawan rumusna:

$$P = \frac{TN}{N} \times 100\%$$

yén: % = Persentase nu dipaluruh
 TN = Niléy nu dicangking
 N = Niléy maksimal
 100 = Bilangan tetep

Sabada diperséntaseukeun, niléy téh ditafsirkeun pikeun nyangking gambaran nu écés tina jawaban unggal siswa. Kritéria nafsirkeun data pikeun kapentingan ieu panalungtikan tindakan kelas nyaéta:

86% - 100%	: Hadé Pisan
66% - 85%	: Hadé
50% - 65%	: Cukup
31% - 49%	: Kurang
0% - 30%	: Kurang Pisan

Format-format tés di luhur digunakeun dina meunteun kamampuh siswa dina nétélakeun sawangan kana pasualan nu dipedar dina prakna pangajaran. Tés nu dilaksanakeun ngawengku tés awal, tés siklus I, jeung tés siklus II. Ieu di handap papancén nu ditibankeun ka siswa dina unggal tés.

1. Tés Awal

Iyan Sandiana, 2013

MODÉL PANGAJARAN KOOPERATIF TIPE THINK PAIR AND SHARE DINA PANGAJARAN SAWALA
 Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

(1) *Kumaha sawangan hidep patali jeung pamakéan basa Sunda di lingkungan nonoman Sunda?*

2. Tés Siklus I

(1) *Kumaha sawangan hidep kana tatakrama basa Sunda, naha perlu atawa henteu?*

(2) *Kumaha sawangan hidep kana sawangan babaturan ngeunaan perlu henteuna tatakrama basa Sunda?*

3. Tés Siklus II

(1) *Tétélakeun kapunjulan jeung kahéngkéran tina sakur sawangan nu nyebutkeun perlu henteuna tatakrama basa Sunda!*

7) Lembar Observasi

Lembar observasi dina ieu panalungtikan tindakan kelas digunakeun pikeun niténan aktivitas siswa kelas X-A SMA Kartika XIX-2 Kota Bandung jeung aktivitas guru dina pangajaran sawala saméméh jeung sabada ngagunakeun Model Pangajaran Kooperatif tipe *Think Pair and Share*. Nu niténan (*observer*) méré skor skala 1-4 pikeun kritéria-kritéria nu tangtu patali jeung aktivitas guru sarta siswa dina persiapan, prak-prakan, panitén, jeung hasil réfléksi pangajaran sawala ngagunakeun Model Pangajaran Kooperatif tipe *Think Pair and Share* di kelas X-2 SMA Kartika XIX-2 Kota Bandung.

Lembar observasi nu digunakeun, formatna bisa dititénan dina bagian lampiran ieu panalungtikan.